# *Muchandivakira Imba Yakadiniko?*

Ndatenda, Hama Green. Uyu mukana. Ndinokwazisa Hama neHanzvadzi Green, navose varipano mangwanani ano. Uye mukana wapiwa kwandiri, kuuya panzvimbo ino yokunamatira, kuzoita zviziviso zvishomanana.

2 Handidi kupedza nguva yeHama Green, nokuti ndakanzwa Hama Green nguva dzakawanda, vachitaura, (vachiparidza) ndikava nokubatsirikana chaizvo, uye pavanga vachitipa Shoko raIshe, uye vanozviita nokuzvininipisa. Zuro vakati, "Handigamuchiri Shoko kubva kuna She nokuzarurirwa, so—sokupiwa kwarakaItwa, asi," vakati; "Ndinoda ku—kungo simbisa pane zvakataurwa." Vakati, "SaPauro panezvaakanyora muBhaibheri, ndauya pano kuzosimbisa zvaakataura." Vakati, "Handina mharidzo, asi kungosimbisa zvakatotaurwa kubva kuna She." Ndakafunga kuti zvinoshamisa kwazvo kubva kumunhu wezera diki akadaro, kumunzwa achitaura saizvozvo.

Zvino tinamatei pamwechete.

3 Mwari anodikanwa, handizive pokutangira, nokuti ndinonzwa kuti Muri pano nhasi, uye nguva dzose muHupo Hwenyu tinogara tichinzwa kuva vaduku. Uye ndi—ndinokutendai nomukana uyu. Zvino, Ishe, zvaMatipa nzvimbo ino, tinonamata kuti musangane nesu nguva yose yatinosangana pano. Uye dai Mweya Wenyu Mukuru wafamba muguta rino! Dai takwanisa kupa Mharidzo yeEvhangeri ino yatakapiwa mumaoko edu mumazuva ano okupedzisira, dai zvazadzikiswa, Mugotora mbeu (mweya) yose muno muTucson nenzvimbo dzakapoteredza, yaMakatemera kuUpenyu. Tipei zvinhu izvi, Baba, muZita raJesu Kristu. Ameni.

4 Ndinofunga ndinoda kuverenga ndima duku yoRugwaro pano mangwanani ano, ndisati Ndataura mashoko andinoda kutaura awa. Inowanikwa muMabasa, chitsauko chechinomwe (7) cheBhuku raMabasa. Muchizarura kwairi, tichatangira pandima 44.

5 Zvino vhiki inotevera tichaenda kuShreveport, inotevera ino, kwatichaungana kakawanda, zvino tichaedza, kana Ishe Atendera. Hama Moore, Hama Jack Moore, ishamwari chaiyo yeHama Pearry neni, uye tinoda Hama Jack. Mharidzo, ndinofunga, yakangovati kanganisei zvishoma, kunyanya zvinhu zvatinokoshesa nokutenda, zva—zva zvatakapiwa pakazarurwa Zvisimbiso Zvinomwe, sokutenda, kwatinoita, kufanana, "nembeu yeChikara (Nyoka)," "Nokuchengetedzwa nokusingaperi kwavatendi," ne—nezvimwe zvakadaro, dzimwe dzeMharidzo dziya. Zvingangodaro kuna vamwe. . .Hatifungi kuti izvi zvakaoma, asi izvi, unofanira kuzarura mwoyo wako

kuChokwadi. Tinotenda kuti tiri kurarama mu—mukuguma kwenguva. Kwatiri ichokwadi chaicho, chokuti tasvika kumagumo enzira.

6 Uye kuparidza muchechi yomumwe, zvino, unenge uchida kuremekedza kugamuchirwa kwawaitwa, ku—ku kupiwa nguva yokupinda muchechi make. Zvino ini, ndichinyatsoziva kuti havatendi muneZvizvi, ndaivaremekedzawo zvokuti . . . Pane zvakawanda zvandinogona kutaura nezvazvo, ndisingaunze Izvi; Kusiya kokunge uri Mweya Mutsvene (wamanikidza) wasunda zvishoma ipapo, maona, zvino ndinozotaura sokutaura kwaanenge Aita. Uye handizivi zviri nani zvokuita kunze kokudaro, uye ndinovimba kuti handizodzidzi zvinosiyana naizvozvo. Maona? Ngatizvitaurei sokutaura kwaAnoita.

7 Zvino regai tingoverenga e—e ndima imwe kana mbiri kubva mu—muchitsauko 7 cheBhuku raMabasa, kutangira pandima 44.

> *Madzibaba edu aiva netabernakeri youchapupu murenje yakanga yakavakwa sezvaakaraira Iye, wakataura naMosesi achiti aiite nomufananidzo waakaona.*
>
> *Yakati yagamuchirwa namadzibaba edu, vakapinda nayo naJoshua munyika yavahedheni, vakadzingwa naMwari pamberi pamadzibaba edu, kusvikira pamazuva aDavhidhi;*
>
> *Iye akanzwirwa nyasha pamberi paMwari, akakumbira kuvakira Mwari waJakobho pokugara.*
>
> *Soromoni akamuvakira imba.*
>
> *Asi Wokumusorosoro haagari mudzimba dzakavakwa nemaoko; sezvakarebga nomuprofita, achiti:*
>
> *Denga ndicho chigaro changu choushe, nenyika chitsiko changu: Muchandivakira imba yakadiniko: Ndizvo zvinotaura Ishe: kana nzvimbo yandingazorora ndeipi?*
>
> *Ko maoko angu haana kuita izvozvi zvose here?*

8 Paneizvi, kuverengwa koruGwaro urwu, ndinoda kutaura mashoko mashoma Hama Pearry vasati vapa mharidzo yamangwanani ano.

9 Ndinoona ino iri imwe yenguva dzinokosha pakushanya kwangu kuTucson. Ndakauya kuno nokuti ndakatungamiririrwa kuuya kuno. Ndakauya kuno nokuti Mweya Mutsvene, nechiratidzo (vision), wakandituma kuno. Ndinoziva kuti pamwe zvingangova zvinokatyamadza, kuda. Asi Iye, sokuziva kwangu, chose chandinoziva chaMwari, ndakatumwa nechiratidzo kuTucson. Ndakashamiswa kuti sei ndakatumwa kurenje rino. Zvino kuno kune . . .

10 Tichitaura zvomweya, muguta rino, handizivi imwe nzvimbo yakafa pamweya, kupfuura guta reTucson. Pane hondo pakati pamakereke. Kupokana kuripo paungano dzavo. Hapana humwe, vanhu vose vanodhonzerana, vasingaregedzi, vachimanikidza, nokuyedza kutorerana nhengo, kuita vateveri. Irenje, uye pamweyavo, zvakare.

11 Asi zvino ndinoverenga muBhaibheri, apa Mwari paakadana Mosesi kubva kuvadikanwa vake nazvose zvaikosha kwaari, ndokumutumira kurenje kundonyora Mirairo yeBhaibheri. Ndiyo yaiva Testamente Yakare, mabhuku mana okutanga, anoti Genesi, Revitiko, naDeuteronomio, naEksodo. Muri kuona, asi handina kutaura sokuteverana kwawo, asi ndiwo maBhuku mana. Ndiyo chaiyo Testamente Yakare. Nokuti, zvimwe ndizvo zvakataurwa navaprofita, muMapisarema aDhavhidhi, nezvakadaro, asi Makoronike amadzimambo. Asi aya ndoaiva Testamente chaiyo yaKare. Mosesi ndiye wakaanyora mushure mokudaidzwa kubva munyika yake yaakaberekerwa, nokukurira pakati pavanhu vake, achizotumwa kurenje (gwenga), kuti anyore Bhuku irori reTestamente Yakare.

12 Zvino ndakaona kuti muBhuku yeTestamente Itsva, umo Pauro, anova muvambi, asi kwete muvambi aiwa, asi munyori weTestamente Itsva. Iyewo akatinhwa kubva pakati pehama dzake, uye, akaendeswa noMweya, kuArabia, akavako kwamakore matatu anehafu, kuti awane kufemerwa. Zvino Pauro ndiye munyori mukuru weTestamente Itsva. Zvino, kuna Mateo, Marko, Ruka naJohane asi vaingova vanyori vainyora zvaitaurwa naJesu pavaimutevera. Zvino, asi, ukatora Bhuku kuna Timotio, nokuvaRoma, nokuvaHebheru, namamwe akadaro, Pauro wakagamuchira kufemerwa kuti anyore Testamente Itsva; achitora Testamente yose Yakare somufananidzo, achiibatanidza netsva. Uye Mwari wakazviremekedza, ndokuyiita Testamente Itsva.

13 Zvino kana Testamente Yakare yakatorwa kubva... munyori aifanira kubviswa pakati pehama dzake, kuendeswa murenje, kuti awane kufemerwa kunyora Testamente Yekare. Zvino muTestamente Itsva, munyori akaendeswa noMuridzi, munzvimbo yegwenga, kuti awane kufemerwa kunyora Testamente Itsva. Zvino maBhuku akanamatidzwa neZvisimbiso Zvinomwe; ndinotenda kuti anotozongodawo zvimwechetezvo, mumazuva ano okupedzisira, kuzarura Zvisimbiso Zvinomwe. Kusiya zvinhu zvaunodisa, zvaunofarira, nomusha muduku wandakapiwa navanhu, pakati pehama dzangu neshamwari, nechechi yanga ichibudirira, pasina chandaishaiwa; zvino ku—kusiya izvozvo, kupatsanuka pazviri, kubva, kuenda murenje kusina waunoziva, pasina chakakunakira.

14 Asi pane chimwe chinhu naMwari, zvokuti anotinha munhu kuita zvinhu zviri kure namafungire ake, kuti zvigopa

kubwinya nokukudzwa kuna Mwari. Uye ndiri kuzvinzwa izvozvo mandiri, kwete kuzvirumbidza, asi ndi—ndinonzwa kuti mufaro kusiya zvose zvaikosha kwandiri, kuuya muno murenje kuzotambudzika sezvandisati ndamboita muupenyu hwangu muno murenje, (gwenga). Asi ndinotenda, kuti mukuita izvozvo nokuteerera izvo Mwari akati zviitwe, Mwari wakatizarurira zvakavanzika zvezuva rino rokupedzisira. Zvino tiri pano neMharidzo ino.

15 Zvino, pana vanhu vazhinji vakanditevera, uye hazvikatyamadzi. Kazhinji munhu ti . . . Vanhu vanodanana zvino irwo rudo, runokutuma kuita zvinhu zvawanga usingafungidziri kuita. Zvino vazhinji venyu makasiya misha yenyu, makasiya zvose izvi kuti muenda, muuye kuno kurenje.

16 Vazhinji vakandifonera, vazhinji vakandibvunza, "Touya here kuArizona? Ingava nzvimbo ingatinakira here?" Zvino, sezvazvakarehwa pamusoro paMosesi navamwewo, yaiva isiri nzvimbo yemichero, isiri nzvimbo yamapomegiraneti.

17 Kuno hakuna basa rakawanda rokuita, uye upenyu hwakaoma, zvinhu zvinodhura. Inzvimbo yakaoma chaizvo kugara, muno muTucson, Arizona; mari inotambirwa navashandi yakaderera uye—uye kudya kunodhura, nemitero yedzimba. Inzvi—Inzvimbo yakanyangara kugara mairi, namararamire aya. Asi pahutano inzvimbo yakanaka, nokuti haina mwando. Uye dzimwe nguva tino . . . Hatifaniri kurega ndangariro dzedu dzichizorora pazvinhu zvenyika ino.

18 Tinofanira kutarisira kutungamirira koMweya Mutsvene. Asi chimwe chinhu chakanditambudza pakuuya kuno, kuudza vanhu, kuti zvino, "iwe usauya" kana kuti "iwe uya", ndinozvisiira kumunhu oga-oga, nenzira yaanotungamirirwa naMwari kuti aite. Ndinofunga munhu oga-oga anofanira kuita izvozvo, ndinofunga mumwe nomumwe anofanira kudaro, kutungamirirwa, pane zvokuita.

19 Zvino vazhinji venyu pano munobva padyo neJeffersonville, uye muri veungano yaikoko, zvino mauya kuno. Zvino, chinhu chakandishungurudza, inzvimbo yokunamatira.

20 Zvino ndinoyeuka, sezvandaverenga muMagwaro pano, nezvaStefano nemharidzo yake kanguva kadiki asati afa; nokuti vakamutaka namatombo pakarepo, nokuda kwemharidzo yake. Paaiva achiri kutaura, akati "madzibaba edu," achireva vaHebheru muzuva rokutanga, kuti vakayedza sei kutsvaga nyasha pamberi paMwari, kuvaka nzvimbo yokunamatira. Akati izvo, "Soromoni wakaMuvakira imba." Tinoziva nyaya yacho.

21 Asi ndinofarira mashoko ake anotevera, "Zvisinei wokuMusorosoro haagari mudzimba dzakavakwa namaoko," uye pane imwe nzvimbo kuna Isaya. Iye anoti, "Mutumbi makandigadzirira; maona, zvipiriso nezvipo, nedzimba, nezvakadaro, asi mutumbi makandigadzirira." Zvino, tinoziva

kuti aitaura nezvomutumbi Mwari waaizogara mauri, muna Kristu.

22 Asi ndinotenda nhasi, kuti kufemerwa kwakasvika pa—paHama Green, kuuya kuno, ivo neHanzvadzi Green, vachisiya musha wavo kumabvazuva, zvakare, kana kuti kuTexas, kuuya kuno kutanga vasina chinhu; asi nokutungamirirwa (kufemerwa) chete, vachinzwa kuti vanofanira kuzviita. Ndinofarira vanhu vanotevera kutungamirira kwaKristu, asina hanya kuti vacharashikirwa zvakadini.

23 Kunyangwe nyika yose, dzimwe nguva shamwari dzako dzapamoyo chaidzo, dzikafunga kuti uri kukanganisa, asi kwauri hapana chiri kukanganiswa. Asi uchinzwa bedzi kana uchinza kuti pane chimwe chinhu mumashure, ndiMwari anenge achikufambisa, hazvizomboipi, zvinogara zvichizongobuda zvakanaka.

24 Zvino vaviri ava, murume ane chipo (tarenda). Handisi kutaura izvi nokuti vagere pano. Nomudzimai achi mudiki uyu navana vake, nemhuri yake yokuti arere, uye ivo vakasiya basa ravo nezvose kuuya kuno.

25 Ndinoziva kuti makore akapfuura ndakadanwa kushumira. Handina kubudirira somufudzi, nokuti mumweya wangu handigoni kuva panzvimbo imwechete, handigadzikani. Handigutsikani papi zvapo. Kose kunongoenda Mweya, ndinototi ndiende nawo, nokuti ndine Mharidzo. Jesu akati, “Ndakafanira kuparidza muguta iriwo zvakare.”

26 Asi varipo vari vafudzi vanotarira makwai. Ndino mufaro mukuru, kuti Hama Pearry vakatevera kutungamirira koMweya Mutsvene, zvino nhasi tine tabhenarkeri. Idiki hayo. Ndiyo yakanaka yokutanga nayo, tichiona kuti Mweya Mutsvene. . . Tisingazivi, ngatifambe nhano nenhano. Zvino, ndinotenda Mwari akataura neHama neHanzvadzi Green, kuti vauye kuno, vakavhura nzvimbo yokuti vana vedu; panzvimbo yokuti Svondo mangwanani vatasve mabhasikoro, vachingomhanya-mhanya mumigwagwa; vawane nzvimbo yavanouya kuzonamata, panzvimbo yokuti vagare vakateerera zvimwe zvinhu zvavanonzwa muredhiyo, zvisinei hazvo.

27 Asi isu, seboka rino ravanhu, tine mharidzo yezuva ranhasi. Isu, isu tinotenda kuti Mwari wakatipa Mharidzo. Zvino Hama Green, ndi, handidi kuvati mubatsiri wangu nokuti tiri. . . asi, ndizvovo, mubatsiri wangu, nokuti tiri tose muMharidzo ino. Hama Green vanoparidza zvimwechete neMharidzo yandinotenda. Vakasiya musha wavo, vakasiya hama dzavo, vakasiya kereke yavo. Ndinotenda, vaiva, mutungamiri wedunhu (district superintendent) kana zvimwe zvakadaro, werimwe sangano, ndokusiya zvose izvozvo pavakanzwa Izvi. Vakasiya zvose zvaikosha kwavari, kuuya muno murenje, kutsigira izvo Mwari zvaari kutipa nhasi uno.

28 Ndinoti, ndinotenda kuti hazvifaniri kungova mumwoyo yedu chete, rinofanira kuva basa redu kuvatsigira, zvose zvatingakwanisa, kuuya kuchechi, kuuya pano kuzonamata, nokuita nzvimbo ino, kuti ive nzvimbo Mwari yaanokwanisa kutizarurira zvinhu izvo zvaAnazvo. Uye sokutaura kwavo vati, "Mharidzo hayiuyi kwandiri nenzira yokufemerwa sezvazvingangoita kuna vamwe vedu, asi," vati "Ndiri pano kutsigira Mwari zvaakapa." Kutaura kwakadini uko! Zvino ndinotenda, tikabatana pamwechete, tinoisa mwoyo yedu pazviri.

29 Ndinoziva kuti mumwe nomumwe wenyu, kana muchinzwa namanzwiro andiinawo, ndine nzara huru yokuona Mweya waMwari uchifamba, handichakwanisi kugadzikana. Pane zvaitika kwandiri ndiri mugomo, zvandipa kunzwa zvakare, sezvandakaita pandakatanga kuponeswa chaiva chinhu chakandiropafadza moyo wangu! Uye tinokwanisa kusvika pachinhanho, tinogara tigozviona pakati pedu, kuti tiri kuoma. Tigere muno murenje, ndinoenda pakati pehama dzangu, vanotaura neni, ndichitaurawo navo; kazhinji, nenzira yokuti ndione, ndichinzvera noMweya, sezvazvingava, kuti ndione mamirire ehama iyoyo, kuti ndione kana pane chakaipa. Ndinotanga kunzwa kuti zvose zviri kuderera, zvichibva paMweya. Zvava zvinhu zvajairika kwatiri. Tinofanira kunamata muMweya, pane Mweya waMwari... Kwete kuti Mharidzo yedu yoga yova iyo mwenje wenguva ino, inofanira kuva mwenje mumwoyo yedu. Maona! Inofanira kuva mwenje mumwoyo yedu, kana kuti hati-hatizokwanisi kuipa zvakanaka kuvanhu. Iwo, Mweya ndiwo wakafanira kutakura Mharidzo. Uye ndinovimba ndichitenda kuti mumwe nomumwe wenyu, muKristu chaiye wechokwadi.

30 Zvino vanoda vadzidzisi veSunday School. Vartange vachida vashandi. Zvino ndinoda kutaura izvi kuti munyatsozvinzwisisa. Ino ichechi yangu.

31 Ndava namakore matatu ndiri muno. Pano musuo mumwe wakazarurwa kwandiri, Ihama Mack vakandikumbira kuvaparidzira. Mwari avaropafadze. Hapana vamwe vakazombondikoka; handina chandinovapomera, havana mhosva. Hama Brock, shamwari yangu yakanaka, Hama Gilmore, hama zhinji vechiPentecost muno, ishamwari dzangu chaidzo-idzo. Ndinovada; hapana chandinovapomera. Ndinonzwisisa chinhano chavo. Havakwanisi kundikoka, vachizoramba vari musangano ravo. Murikuona, havakwanisi kuzviita. Nokuti, vakazviita, vanobva vatandwa. Zvino munoona mamirire avo. Ndakambotarisanawo nezvakadaro. Asi zvino nguva yose ngazvive, "Tsvakai uMambo hwaMwari kutanga," kuda kwaMwari.

32 Zvino, Mwari zvaakatuma Hama Green kuno, vakatizarurira chechi ino kutenda kwakakosha sokwatinako, tinofanira

kutenda zvikuru Mwari, tichiuya kuminamato yose, titore nzvimbo yose yatinenge takwanisa. Uye tikange tadaidzwa kana takumbirwa, kunamate, kutsvage, kuita, ngativei masoja pachi . . . tichishuva kuita. Maona?

33 Musamhurisa Mharidzo, raramai upenyu hwakanaka. Musaregedza tsvina ichisvika pairi. Tirikurarama mukupera kwenguva chose, zvokuti tava kumagumo enguva. Ngatirarame muhutsvene. Hungava, upenyu hwangu, hwako, kana upenyu hwedu tose hunoda kuti husimudzwe, pamberi paMwari.

34 Vadiki vedu vanotserendendeka apa neapo, vachitevedza zvinofadza zvenyika, vachienda kure-kure naMwari. Ndizvo chaizvo. Zvino, ndicho chokwadi. Ndinozviona muvana vangu, uye ndinozviona ini ndichisvika panzvimbo apo ndisi . . . Tinofanira kuungana pamwechete tichinamata Mwari; nokuti Bhaibheri rinodaro, "Patinoona zuva iri richiswedera, tinyanye kuungana pamwechete." Kana kukauya vanhu vaviri pano, iwe iva mumwe wacho. Zvino ndizvo . . . Zvino kana tikauya pamwechete tichinamata pamwechete, zvino tino, pane chimwe chinhu pazviri, Jesu akati, "Pana vaviri kana vatatu Muzita Rangu, Neni ndinenge ndiripo pakati pavo."

35 Zvino, sezvandambotaura mumashure, Hama Green vakandiudza, uye vazvitaura. Mudzimai wangu akauya, akandiudza zvavakataura pandakanga ndisipo. Kuti, uye vazvitaura mangwanani, ano, kuti: "Purupeti yakazaruka nguva yose zvayo." Zvino kazhinji . . . Kuzaruka kwandiri, kuti ndiparidze.

36 Zvino, kazhinji, ndaidhiraivha kuenda kuJeffersonville, kuIndiana, kundopa Mharidzo yandinenge ndapiwa naMwari, kuti ndipe vanhu; kufamba mutumhu wose kuenda kuJeffersonville, kuIndiana, uye mumwe nomumwe wenyu muchibva kwakasiyanasiyana, makateerera pane zvinotakura manzwi nezvakadaro, kuti muwane Mharidzo, nokuti ndiyo yatiri kurarama nayo. Maona, ndosaka tiri pano. Zvino, hatichange tichidaro.

37 Mwari akandipa Mharidzo, ndino kwanisa kuuya pano papurupeti ndoiparidza, uye ndichinzwa kusununguka kuzviita. Maona? Uye ndinotenda, kuti nokudaro, Mwari Samasimba uchakuropafadzai muchinge mamira nechechi ino, neboka rino ravanhu. Kwete izvozvo chete, asi ngatibudei kunze tione kuti hatingawani vamwe vatingaunza mukati here. Maona, ngatiudzei vamwe kose kose, ngatitaurei nezvechechi yedu nezvainoreva. Chechi yedu zvai . . . Tiri pano. Tinoda kuti muuye, muunze vatsva, uye ndine chokwadi chokuti zvinotinakira tose. Maona? Tine imba, yatinopa kutenda nokuda kwayo. Tinotenda nenzvimbo ino, kuungana pamwechete.

38 Asi, "WoKumusorosoro haagari mutemberi dzakavakwa namaoko, maona, Nokuti Denga ndicho chigaro Changu

choushe, nenyika chitsiko chetsoka dzangu; ko nzvimbo yandingazorora pairi ndeipi? Asi mutumbi makandigadzirira."

39 Zvino tiri Mutumbi waKristu. Tichibva mune imwe imba tichienda mune imwe, ndinotenda, patichange tichiunza Mharidzo dzedu, tichauya kuzonamatira vanorwara. Zvino chose chinenge chazarurwa naMwari kwatiri kuti tiite, tichava nacho muno muchechi, kusvikira yazara zvokuti munotozotsvaga pamwe, mobva matsvakazve pamwe kusvikira Jesu auya. Mwari akuropafadzei.

40 [Hama Pearry Green vanotsinhira, vachizokumbira Hama Branham kuti vavaropafadze (ordain)—Ed.]

Tikotamise misoro.

41 Mwari anodikanwa, sezvatimire papuratifomu pano, inomirira, paaritari pano, tinoziva kuti tiri ru—rudzi rwavanhu vanofa, paupenyu hwenyika ino. Tinotarira mudzinzira tichiona chivi chiri pose pose, uye kubwinya kwaShe kuri kubva nokukurumidza. Zvino tinoziva, kuti kubwinya kwaShe kukakwira kudenga, neKereke saizvozvovo inobva yaendawo nako. Mwari, tinoda kuvapo.

42 Mazuva mashoma apfuura, ndakamira pano pakona yomugwagwa, pamhiri apo pomugwagwa, ndakatarira vaifora vachidzika nomugwagwa; ndichiona ngoro dzeHondo Yokutanga dzichitungamira nzira, kuchizotevera ngoro huru inorema yeShemeni, mumashure maitevera zvichingoenderera zvakadaro, kuchizouya madzimai-enyenye-Dzendarama; mhuri isisiri pamwechete, paine mudzimai arikuchema; nakakomana kasisina baba; nomudzimai wechikuru vakashayikirwa nomwanakomana. Oh, zvinopisa tsitsi sei kumira pakona yomugwagwa ndichiona zvakadaro zvichipfuura! Zvino ndakacherechedza, vartangopfuura imba iyi, vakashandura rwuyo ndokuimba (Onward, Christian Soldiers) "Fambiraimberi, maUto aKristu." Vachifora, sezvavaiita vari mumashure; asi pavakapfuura nzvimbo iyi!

43 Mwari anodikanwa, ndiri kufunga nezveimwe nguva huru irikuuya, inenge iri yokumuka kwavatsvene, mhare dzakare dzichamuka kutanga, vatsvene, madzibaba, "Zvino isu vapenyu vakasara hatizodzivisi kana kudzivirira vavete; nokuti hwamanda yaMwari icharira, zvino vakafa munaKristu vartamuka kutanga." Zvino patinoona icho chikuru. . .ivo vanhu ava vava kuenda, vachifora vachikwira kudenga; zvino isu tinenge timire, takamirira kushandurwa, tichiziva kuti tichapindawo mumutsara, zvekare. Mwari, tiitei mauto akatendeka.

44 Ivo chete vange vachinyatso zviratidza uye vari muhondo macho ndivo vanonyatsoziva zvazvinonyatsoreva, kuona ngoro dzehondo dzichikunguruka dzichipfuura. Zvino, Mwari, tinofunga kuti ivo vange vari muhondo yeupenyu ndivo vartaziva

zvazvinoreva, apo tinenge takamirira mukana wedu wekutora nzvimbo dzedu mukumuka kwevatsvene, toenda kumusoro kudenga.

45 Zvino uyu, munin'ina wangu, amire pano, akanyatsodzidziswa, agadzirira, akapfekedzwa, akamirira murume akura kumuisa maoko pamusoro, mhare yokurwa yanga iri pamberi muhondo, achiziva kuti anofanira kupindawo mukurwa. Mwari anodikanwa, namaoko asina kufanira, ndino aisa pahama yangu, akamiririra Enyu. Ropafadzai Hama Green; Mwari anodikanwa, uyo wandinoropafadza muzita raJesu. Ngaatore Mharidzo iyi Ishe, kuguta rino nekose kwamuchamudana. Dai ava akatendeka, akazadzwa noMweya, achirarama upenyu husingamhurwi. Mwari, itai kuti ave nomwoyo yavanhu, kuti agovadzidzisa nokuvatungamirira nokuvaraira nzira yatinoshuva tose kufamba mairi. Ngazviitwe, Ishe.

46 Ropafadzai mudzimai wake akatendeka navana vake vadiki. Ropafadzai kuyedza kwedu pamwechete sehama dzechiKristu pasi pano, kuti titakure Vhangeri ino kumagumo enyika. Tumirai Mweya Wenyu paari, Mwari. Tinonamata muZita raJesu Kristu, tichimupa kwamuri. Ameni.

47 Mwari akuropafadzei Hama Pearry. Takurai Shoko raMwari!

*Muchandivakira Imba Yakadiniko?* SHO65-1121
(What House Will You Build Me?)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, Mbudzi 21, 1965, kuTucson Tabhenakiri kuTucson, Arizona, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©1990 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org